



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRE ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen, dòz rapèl, tès ak tretman

Yo te rapòte 19 lanmò nan tout eta a nan 16 fevriye

Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19 epi mete aksan sou mezi debaz yo ka pran pou pwoteje kont pwopagasyon enfeksyon viris respiratwa ki vin pi komen nan sezon ivè a.

"Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo rete vijilan epi pou yo kontinye sèvi ak tout zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak kominote yo an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Rete ajou nan dòz vaksen yo, epi asire ou fè tès anvan rasanbleman oswa vwayaj. Si ou teste pozitif, pale ak doktè ou konsènan opsyon tretman posib yo".

Gouvènè Hochul ap [ankouraje](#) Nouyòkè yo tou pou yo pran mezi prevansyon komen yo — tankou rete ajou sou vaksen yo ak pratike bon ijyèn — pou pwoteje kont grip ak COVID-19 epi redwi fado pasyan yo sou lopital lokal yo. Gouvènè a te repete etap debaz sa yo lè li te bay Nouyòkè yo [mizajou](#) sou efò preparasyon eta pou sante pandan sezon ivè sa a.

[Rapò siveyans grip chak semèn](#) Depatman Sante Eta New York la pou semèn k ap fini nan 11 fevriye, montre grip la rete gaye jewografikman toupatou nan eta a pandan disetyèm semèn konsekitif, avèk yon total 313,261 ka pozitif nan 57 konte yo ke yo rapòte jiska prezan. Rapò a te jwenn tou ke ka yo ki konfime nan tout eta a te ogmante a 10 pousan nan 2,612 pou semèn lan, alòske kantite moun ki entène lopital an jeneral te desann 36 pousan nan semèn anvan an, avèk 134 moun ki entène lopital atravè eta a.

Anplis de sa, te gen de epidemi nan enstalasyon swen avanse ak swen alontèm, ke rapò a te detèmine. Te gen yon lanmò pedyatri ki asosye avèk grip la yo rapòte pou semèn nan, pou yon total 10 nan tout eta a.

Avèk sezon grip la k ap kontinye, Gouvènè Hochul ap raple tout Nouyòkè yo ke li pa twò ta pou yo pran vaksen anyèl pa yo kont grip la. Viris grip la ak viris ki lakòz COVID-19 la ap pwopaje ansanm, kidonk pran vaksen kont tou de se pi bon fason pou rete an sante epi pou evite plis estrès nan sistèm swen sante a.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) a ap kontinye [kanpay edikasyon piblik anyèl](#) li, ki raple granmoun ak paran yo pou yo pran vaksen kont alafwa grip ak COVID-19 pou tèt yo ak timoun ki gen 6 mwa ak plis. Pou enfòmasyon sou klinik vaksen kont grip la, [kontakte depatman sante lokal la](#) oswa vizite vaccines.gov/find-vaccines/.

Gouvènè Hochul kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran dòz rapèl bivalan kont COVID-19 pa yo. An desanm lan, Depatman Sante Eta New York la te anonse [nouvo konsèy](#) pou dòz rapèl bivalan COVID-19 yo, ki disponib kounye a pou timoun ki elijib ki gen jiska 6 mwa.

Dòz rapèl ki ajou yo se premye ki sible pou souch viris orijinal la ak varyant ki fèk ap sikile yo epi yo rekòmande yo pou jèn Nouyòkè yo ak tout moun ki elijib yo. Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite vaccines.gov; tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun - 10.97**
- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou - 10.61**
- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo - 47,151**
- **Total Pozitif - 2,144**
- **Pousantaj Pozitif - 4.24%****
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou - 4.28%****
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital - 2,107 (-72)**
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entène - 304**
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) - 232 (+10)**
- **Pasyan nan ICU ak Entibasyon - 95 (+4)**
- **Total Egzeyat - 401,009 (+353)**
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 19**
- **Lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 61,674**

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

Nòt Enpòtan: Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tès ki itilize tès antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezilta negatif yo. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tès antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tès PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan chanjman nan pratik tès yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

- **Total ka lanmò CDC a rapòte epi konpile - 78,401**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt lokal, ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

- **Total dòz vaksen yo administre - 43,780,996**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo - 5,337**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo - 33,568**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 85.5%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 90.7%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki ajou - 15.9%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran tout seri vaksen yo - 74.5%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 76.2%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki ajou - 6.3%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki pran tout seri vaksen yo - 40.0%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 40.9%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki ajou - 3.6%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 0-4 ane ki pran tout seri vaksen yo - 7.6%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 0-4 ane ki ajou - 7.6%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo - 76.4%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 80.8%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki ajou - 13.8%**

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

Rejyon	Madi 14 fevriye 2023	Mèkredi 15 fevriye 2023	Jedi 16 fevriye 2023
--------	-------------------------	----------------------------	-------------------------

Capital Region	14.67	14.63	14.72
Central New York	14.50	13.65	13.60
Finger Lakes	11.86	11.54	11.76
Long Island	9.27	9.20	8.89
Mid-Hudson	11.49	11.34	10.88
Mohawk Valley	12.19	11.83	11.36
New York City	10.75	10.22	9.57
North Country	15.00	14.56	13.91
Southern Tier	12.73	12.86	12.57
Western New York	13.28	12.41	11.90
Nan tout Eta a	11.43	11.04	10.61

Pousantaj rezilta tès pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa**:

Rejyon	Madi 14 fevriye 2023	Mèkredi 15 fevriye 2023	Jedi 16 fevriye 2023
Capital Region	7.90%	8.10%	8.14%
Central New York	7.27%	7.19%	7.28%
Finger Lakes	6.52%	6.49%	6.66%
Long Island	3.19%	3.21%	3.20%
Mid-Hudson	3.49%	3.45%	3.39%
Mohawk Valley	6.95%	6.95%	7.23%
New York City	3.56%	3.47%	3.26%
North Country	7.62%	7.43%	7.19%
Southern Tier	6.85%	7.05%	6.91%
Western New York	11.58%	11.15%	10.70%
Nan tout Eta a	4.45%	4.39%	4.28%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Pousantaj rezilta tès pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa **:

Minisipalite nan NYC	Madi 14 fevriye 2023	Mèkredi 15 fevriye 2023	Jedi 16 fevriye 2023
-----------------------------	-----------------------------	--------------------------------	-----------------------------

Bronx	3.60%	3.42%	3.35%
Kings	3.21%	3.17%	2.84%
New York	3.80%	3.72%	3.65%
Queens	3.78%	3.73%	3.51%
Richmond	3.96%	3.65%	3.46%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Yè, te gen 2,144 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 6,601,849. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	78,905	35
Allegany	10,796	8
Broome	58,737	18
Cattaraugus	19,283	6
Cayuga	20,503	17
Chautauqua	29,458	10
Chemung	26,631	10
Chenango	11,831	3
Clinton	22,636	26
Columbia	13,936	10
Cortland	13,387	9
Delaware	10,189	4
Dutchess	84,980	37
Erie	269,334	93
Essex	7,697	10
Franklin	12,097	8
Fulton	16,623	10
Genesee	16,602	14
Greene	11,044	10
Hamilton	1,098	-
Herkimer	17,504	8
Jefferson	27,240	11
Lewis	7,350	3
Livingston	14,401	9
Madison	16,844	8

Monroe	192,242	121
Montgomery	15,067	4
Nassau	548,573	120
Niagara	59,680	19
NYC	3,079,972	773
Oneida	69,224	28
Onondaga	142,803	72
Ontario	26,208	12
Orange	140,064	64
Orleans	10,588	6
Oswego	34,709	16
Otsego	13,341	8
Putnam	31,656	13
Rensselaer	41,850	24
Rockland	118,819	24
Saratoga	61,607	31
Schenectady	43,759	29
Schoharie	6,598	7
Schuyler	4,328	2
Seneca	7,677	-
St. Lawrence	26,289	10
Steuben	25,295	15
Suffolk	567,449	141
Sullivan	24,682	8
Tioga	14,069	10
Tompkins	26,610	16
Ulster	43,278	31
Warren	18,956	16
Washington	15,855	32
Wayne	21,906	7
Westchester	335,207	103
Wyoming	9,936	5
Yates	4,446	-

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19 / konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène	Admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon
Capital Region	130	75	57.7%	55	42.3%
Central New York	107	59	55.1%	48	44.9%
Finger Lakes	223	67	30.0%	156	70.0%
Long Island	277	135	48.7%	142	51.3%
Mid-Hudson	243	86	35.4%	157	64.6%
Mohawk Valley	46	24	52.2%	22	47.8%
New York City	808	330	40.8%	478	59.2%
North Country	52	28	53.8%	24	46.2%
Southern Tier	51	12	23.5%	39	76.5%
Western New York	170	86	50.6%	84	49.4%
Nan tout Eta a	2,107	902	42.8%	1,205	57.2%

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: [Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](#).

Yè, te gen 19 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 61,674. Repatisyon jewografik la prezante konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Bronx	2

Broome	1
Erie	4
Monroe	1
Nassau	1
New York	2
Queens	2
Richmond	2
Schenectady	1
Suffolk	1
Westchester	1
Wyoming	1
Montan Total	19

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5 a 11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele [1-800-232-0233](https://www.18002320233.com) pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen ak pran dòz rapèl selon rejyon yo prezante konsa:

Done Vaksinasyon Rejyonal yo dapre Lokal Founisè a

	Moun ki pran tout seri vaksen yo	Moun ki ajou
Rejyon	Kimilatif Total	Kimilatif Total
Capital Region	910,445	223,844
Central New York	616,669	146,400
Finger Lakes	829,996	235,662
Long Island	2,023,982	369,973
Mid-Hudson	1,575,302	333,445
Mohawk Valley	311,854	68,345
New York City	7,471,398	977,600

North Country	284,936	62,338
Southern Tier	420,046	104,932
Western New York	913,836	225,533
Nan tout Eta a	15,358,464	2,748,072

Dòz rapèl/vaksen adisyonèl

Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 7 jou yo
Capital Region	820,412	1,215
Central New York	545,776	841
Finger Lakes	865,144	1,381
Long Island	1,853,123	2,566
Mid-Hudson	1,512,441	2,270
Mohawk Valley	279,022	465
New York City	4,819,147	10,737
North Country	252,781	346
Southern Tier	389,326	534
Western New York	889,436	1,667
Nan tout Eta a	12,226,608	22,022

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante Eta New York egzije pou enstalasyon vaksinasyon yo rapòte tout done administrasyon vaksen COVID-19 yo nan 24è oplita; y ap aktyalize done administrasyon vaksen ki sou tablodò a toulejou pou chif yo reflekte kontaj ki pi resan pou kanpay vaksinasyon Eta a. Depatman Sante Eta New York la rapòte ki done ki soti nan NYSIIS ak CIR diferan lejèman pa rapò ak done ki rapòte sou plan federal la, ki enkli dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)